



# PWOGRAM BEZWEN ESPESYAL

Collier County Emergency Management  
Emergency Services Center  
8075 Lely Cultural Parkway, Naples, FL 34113  
Phone: 239.252.3600

## Enstwiksyon Pwogram La Yo

Collier County Emergency Management nan kolaborasyon avèk Leta Florida gen yon "Rejis pou Bezwen Espesyal". Nan ka ke ta gen yon ouragan, inondasyon, tònad, dife, oubyen lòt dezaz natirèl, Collier County ansanm ak Collier County Health Department ap degaje yo pou bay sant pwoteksyon medikal espesyal epi/oswa transpò pou mennen nan sant pwoteksyon pou moun ki gen bezwen espesyal. Si ou ranpli kritè sila yo, tanpri ranpli fomilè anrejistreman an epi voye'l tounen bay Collier County Emergency Management Department.

Si ou ta pito voye anrejistreman ou an sou entènèt, tanpri ale sou paj entènèt <http://snr.floridadisaster.org> epi chwazi "Collier County" nan lis meni ki dewoule a avèk lang ou prefere a pou'w ka kòmanse.

## Kritè pou Anrejistreman *(ou dwe ranpli youn nan kritè sa yo)*

1. Ou gen yon nesosite medikal oswa fizik ki gendwa bezwen asistans medikal pwofesyonèl pandan yon sitiyasyon evakyasyon ak pwoteksyon, men ou pa bezwen transpò pou mennen'w nan sant pwoteksyon an.
2. Ou gen yon nesosite medikal oubyen fizik ki gendwa bezwen asistans medikal pwofesyonèl pandan yon sitiyasyon evakyasyon ak pwoteksyon epi ou bezwen transpò pou mennen'w nan sant pwoteksyon an.
3. Si ou gen 60 lane oubyen pi plis ke 60 lane epi ou pa gen nesosite medikal men ou bezwen transpò pou mennen'w nan sant pwoteksyon an pandan yon sitiyasyon evakyasyon ak pwoteksyon.

Akoz espas ki limite nan sant pwoteksyon yo, nou konseye fòtman ke ou pran yon plan evakyasyon pou ou ak fanmi'w, zanmi'w, ak vwazen ou yo. Si ou ap viv nan yon kay mobil oubyen ki manifaktire oubyen kondò, mande enfòmasyon sou plan dezaz asosyasyon ou an yo. Si ou dwe evakye pou al nan yon sant pwoteksyon pou moun ki gen bezwen espesyal yo, ou dwe gen yon moun ki ap ba'w swen ki akonpaye'w. Pou asistans pou ede'w devlope yon plan dezaz pèsònèl, ale sou paj entènèt <http://flgetaplan.com/>

## Definisyon yo

Moun ki gen Bezwen Espesyal yo – Popilasyon kote manm yo kapab genyen bezwen adisyonèl avan, pandan, epi apre yon ensidan nan kote yo ye a, epi sa gen ladan'l tou mentnans endepandan, komunikasyon, transpò, sipèvizyon, ak swen medikal (National Response Framework, FEMA 2013).

Sant Pwoteksyon pou Moun ki gen Bezwen Espesyal yo – Sant pwoteksyon pou bezwen espesyal yo fèt pou bay swen a moun ki pa gen gwo bezwen medical oubyen enfimye, jan sa defini nan Persons with Special Needs (PSN). Swen pwofesyonèl ki disponib nan sant pwoteksyon pou moun ki gen bezwen espesyal yo depann de kantite ak tip medsen ak enfimye ki volontè yo.

Popilasyon nan Sant Pwoteksyon an – Sant pwoteksyon pou popilasyon jeneral lan yo ap aksepte nenpòt moun ki ka responsab tèt li. Moun ki pa bezwen asistans pou fè aktivite jounalye yo ka itilize sant pwoteksyon jeneral.

Enfòmasyon ke yo bay chak ane nan anrejistreman an ap rete konfidansyèl. Y'ap ba yo bay ajans premye swen yo (dife, polis, sante, etc.) nan yon peryòd ijans epi sèlman ba moun ki enplike dirèkteman nan byennèt ou. Fomilè sa bay otorizasyon tou a ajans premye swen sa yo pou rantre lakay ou pandan rechèch apre yon dezaz, ak lòt aktivite pou pote sekou. Li enpòtan ke enfòmasyon ou bay yo presi e resan.

## Moun ki gen Bezwen Espesyal yo *(Kritè Jeneral)*

- Pa wè byen
- Pa tandè byen
- Itilizasyon chèz woulant / Ekipman Adaptatif
- Granmoun aje ki gen Bezwen Fizik oubyen Emosyonèl
- Pwoblèm Respiratwa – Egi oubyen Kronik
- Dechaj Resan Sot Lopital oubyen de on Operasyon Resan
- Depandan sou Machin Oksijèn
- Operasyon Katarak ki Resan
- Pwoblèm Kadyak
- Kriz malkadi
- Dyabetik
- Trakeyostomi
- Manje Gastrostomi
- Fanm ansent – 3èm Trimès Sèlman (Se pa fanm ansent ak gwo risk yo)
- Maladi Kontajye
- Katetè Irinè
- Kondisyon Sistèm iminitè
- Swen Sante pou Blese
- Kolostomi
- Andikape Fizik
- Depandan sosyalman oubyen emosyonèlman sou lòt moun pou viv endepandan
- Pwoblèm oubyen Defisi Mantal, Konyitiv, oubyen sansoryèl

Moun ki bezwen swen enfimyè pwofesyonèl yo, sipò pou viv, etc. dwe pale sou bezwen evakyasyon ak pwoteksyon ak doktè yo ansanm ak ajans swen sante yo avan sezon siklonik lan. Referans pou yon lojman altènatif kapab nesèsè. Si doktè ou a detèmine ke ou dwe evakye pou ale nan yon lopital oubyen lòt sant ki gen enfimyè kalifye, doktè ou a dwe fè aranjman sa yo.

Li enpòtan pou moun ki bezwen transpò oubyen swen sante bezwen espesyal yo anrejistre nan biwo Collier County Emergency Management le pi vit posib lè ou presanti bezwen an. Pa rete tann yon sitiyasyon ijans tankou tanpèt oubyen dife rive nan zòn ou. Li gen dwa twò ta!

## Enstriksyon pou Konplete Anrejistreman

Tanpri konplete tout seksyon nan fòmilè a nan fason ki pi konplè posib. *(Tanpri itilize plim nwa, epi enprime)*

Li nesèsè pou genyen yon nimewo telefòn. Ofisyèl Direksyon Ijans yo dwe kapab kontakte'w si li vin nesèsè pou evakye vwazinaj ou a. Si ou pa gen telefòn, tanpri bay yon non ak nimewo telefòn zanmi'w oubyen fanmi'w pou nou ka kite mesaj pou ou. Sonje pou ou mete areya kòd la.

Siyen epi make dat la nan fòmilè a. Fòk moun k'ap anrejistre a oswa moun ki otozire pou pran swen'l la siye fòmilè a.

## Enstriksyon Preparasyon yo

**Adrès Sant Pwoteksyon Bezwen Espesyal: Palmetto Ridge High School, 1655 Victory Lane Rd Naples, FL 34120**

Moun ki bezwen asistans medikal/enfimyè oubyen transpò yo ap plase nan sant sa. Dat ouvèti sant lan ap anonse sou televizyon nasyonal, radyo lokal ak estasyon televizyon yo. Si ou gen pwòp transpò ou, tanpri pa vin nan sant lan avan dat ouvèti ya.

## Evakyasyon

Kay Mobil yo, RV yo, and kèk rezidan kay manifiktire yo dwe evakye pou ouragan yo epi yo dwe evakye pou sèten tanpèt twopikal, enfòmè tèt ou sou risk yo. Li danjere pou ou rete nan kèk kay, paske yo ka pa't fèt pou reziste van ki fò. Kay familyal yo, kondò yo ak apatman yo pa bezwen evakye pou tout tip ouragan / tanpèt twopikal. Tanpri gade Televizyon Gouvènmantal Collier a (Chèn 97) epi tou tandè radyo lokal ak estasyon televizyon pou enfòmasyon sou evakyasyon. Akòz tan nesèsè ak resous ki limite pou ka evakye popilasyon ki genyen "Bezwen Espesyal yo" san danje pwosesis evakyasyon an fèt an avans sou nenpòt kondisyon meteyo danjre okazyonèl ki detekte. Ou dwe prepare pou ou evakye kou ofisyèl ijans yo di'w sa.

Si li ta sanble ke yon ouragan oubyen lòt katastwòf ta ka afekte Collier County, n'ap fè tout jefò pou kontakte pa telefòn moun ki anrejistre nan "Pwogram Bezwen Espesyal yo". Se pou alète ou sou sitiyou an epi enfòmasyon ou ke yon evakyasyon ka nesèsè. Jeneralman, jefò pou kontakte moun ki anrejistre yo ap fèt nan yon peryòd de 24-36 èdtan avan ouragan an rive epi pou ka bay tan sifizan pou ka fin fè preparasyon ou yo. Pou enfòmasyon sou jan y'ap kontakte'w, tanprin konsilte paj Kominikasyon nou yo ki disponib sou sit entènèt nou an ([www.collierEM.org](http://www.collierEM.org))

Moun sa yo ki anrejistre ki mande transpò ap enfòmasyon sou yon peryòd tan lè bis la ap vini. Pa ekzanp: N'ap kòmanse pase pran moun) a\_\_\_\_ epi nou ta dwe fini bò \_\_\_\_\_. Si Bis la pa rive nan peryòd tan nou te atann li a RELE EMERGENCY MANAGEMENT NAN 239-252-8444. BIS YO KA GEN RETA AKOZ TRAFIK AK KONDISYON METEYO.

## Kisa pou'w Pote nan Sant Pwoteksyon an

Nan kòmansman sezon siklòn lan, (1 Jen - 30 Nov) rasanble bagay sa yo. Mete bagay sa yo yon kote ou ka pran yo rapidman. Tanpri make non'w sou bagay ou yo, epi ranje yo on fason pou'w ka transpòte yo pi fasilman posib nan yon konntenè, valiz, bagaj, oubyen lòt bagay menm jan.

### Papye Enpòtan

- Yon lis nimewo telefòn fanmi oubyen zanmi pou yo kontakte si ou evakye.
- Papye Swen Medikal, Medicaid, oubyen kat asirans sante (fè kopi yo).
- Papye DNR oubyen atestasyon; fòk se fòmilè orijinal DNR la. Pote'l avè'w nan sant pwoteksyon an.
- Ekri yon plan pou jwenn kay apre tanpèt la sizoka ou pa ta kapab retounen lakay ou akòz domaj.
- Kopi kontra pwopriyete kay la yo, kontra asirans machin yo.
- Yon lis non, adrès, ak nimewo telefòn doktè ak famasi.

### Medikaman yo

- Pote founiti pou omwen katòz (14) jou de medikaman ki gen preskripsyon ak tout medikaman ki pa gen preskripsyon yo ke ou konn itilize. Yon lis tout medikaman ak orè pou pran medikaman yo, founiti dyaliz, ak nenpòt lòt bagay ki nesèsè pou pran medikaman yo (Sereng, Papye alkòl, etc.) Pote boutèy preskripsyon orijinal yo menm si ou konn met medikaman yo nan yon lòt boutèy dozaj jounalye.
- Si ou konn itilize yon konsantratè pou oksijèn, vin avèk li nan sant pwoteksyon an. Konsantratè a ka itilize depi genyen kouran.
- Pote lòt silenn pòtab oksijèn yo (tay D oubyen E) ak yon regilatè epi tout tib ki nesèsè yo. Kole yon papye ak non ou sou charyo oksijèn ou a.
- Tout moun ki itilize oksijèn likid yo – ou dwe pote yon lòt silenn HELIOS / silenn oksijèn likid yo pou ou ka itilize lè ou ap kite sant pwoteksyon an. Sant pwoteksyon an pa ka replen silenn ou yo.

### Dlo pou Bwè

- Pote omwen de gallon dlo pou bwè pa jou. Ti boutèy dlo piti yo pi fasil pou pi fò moun.

### Manje

- Pote ase manje ki p'ap gate ki pou dire'w 3 jou ak yon kle ki mache ak batri oubyen ak men pou ouvri kanèt oubyen boutèy. Kantite manje k'ap bay la limite. P'ap genyen manje dayèt espesyal disponib.

## Kabann & Atik kabann

- Asire'w ke ou pote zòrye ak dra yo, yon matla plwaye / nat pou dòmi. Moun ki ap bay swen yo dwe pote tou atik kabann ak matla pou dòmi oubyen chèz pliyant. **IDANTIFYE** tout zafè ou yo ak non ak adrès ou.

## Atik Ijyèn Pèsonèl yo

- Sèvyèt, Twal benyen, Savon, Chanpou
- Medikaman ki pa gen preskripsyon
- Deodoran, Bandaj / Pansman
- Klinè pou dan, Bwòs dan & Pat dantifris, Peny / Bwòs
- Daypè pou Granmoun, atik sanitè, Veso pou pipi (Si ou bezwen'l)

## Lòt Atik yo

- Chèz woulant epi/oubyen beki
- Èd ekout ak batri
- Aparèy Prostetik
- Ekipman Nebilizè
- Telefòn Selilè / Chajè
- Flach/Radyo/Batri separe yo
- Lòt rad an plis pou chanje'w
- Liv/Jwèt/Distraksyon
- Krèm Solè ak Spre pou Marengwen
- Ti tèmòs piti & Sache Glas

## Animal Sèvis yo

Se sèl animal sèvis ki otorize nan sant pwoteksyon an. Si ou gen yon animal sèvis, ou dwe pote nan sant pwoteksyon an: manje, dlo, asyèt manje, kolye ekstra, kat vaksinasyon, ak sachè fatra. Si ou gen yon animal domestik ou dwe fè aranjman yo ak sant lan kounya. Pale de sa ak veterinè ou a tou.

Pote bagay sa yo pou plan pwoteksyon animal domestik ou a:

- Kat Vaksinasyon Aktyèl yo
- Manje & Dlo pou 14 Jou
- Asyèt pou manje/Atik kabann
- Make panye pou pote animal domestik ou an ak non, adrès ak nimewo telefòn.

Si sa nesèsè, Depatman Sèvis Animal Domestik la kapab kenbe animal domestik pou moun sa yo ki nan Pwogram Bezwen Espesyal yo si yo pa ka fè lòt aranjman. Tanpri anrejistre nan Department of Animal Services padan w'ap rele nan 239-252-7387, kapasite lojman yo limite.

## Enfòmasyon Dezaz

Pandan peryòd ijans, tout dènye enfòmasyon ansanm ak konsèy yo ke Sant Operasyon Ijans (Collier County) ap bay ap pase sou:

- Chèn Kab Televizyon
- Chèn 97 (Collier Gov)
- Estasyon Televizyon Lokal yo
- Radyo Meteyo NOAA) 162.525
- WSGI Radio – 104.7 FM
- WGCU Radio – 90.1 FM

## Nimewo Telefòn Enpòtan

Liy Dirèk pou Sant Enfòmasyon Collier:

239-252-8444 **oubyen** 311

Kontak Cherif pou Non-Ijans: 239-252-9300

Lakwa Wouj Ameriken: 239-596-6868

Depatman Sante: 239-252-8200

Salvation Army: 239-775-9447